11. "E cah ayu menenga ywa nangis, sun tulungi apa susahira, weruha ya ingsun kiye, jatine ula ratu, lan kang baureksa ing kali, mulane gendhuk sira, ywa wedi maring sun, aja maras atinira, lah jarwaa apa kang dadi prihatin, ingsun tulungi sira."
12. Kenya sirna mirising kang ati, wangsulane blaka amemelas: "Dhuh kang asih mring dasihe, sanget panuwun ulun, de paduka arsa melasi, dhateng jasad kawula, kang cilaka muput, yen paduka yun uninga, punapa kang dados darunaning tangis, sumangga piarsakna."
13. Amba punika anaking pakir, biyung kula ngrumiyini pejah, kawula tinilar ijen, samanten saweg ngumur, wanci ngajengaken birahi, wusana wonten randha, dereng patos sepuh, sutane estri satunggal, bebarakan lan kula kaot sakedhik, radi sepuh kawula.
14. Nunten pinendhet kinarya rabi, mring pun bapa saking denya welas, dhateng amba pangangkahe, wontena rencangipun, nanging sareng sampun kepanggih, biyung anem punika, sengite kalangkung, kula dipun anggep mengsah, gung siniya cinenggring ingengis-engis, punika menggah kula.

15. Boten dados sak-seriking ati, awit sampun makaten kang kaprah, kula tampi eca bae, manjinga lampah ulun, nanging sareng mangke puniki, amba pinriheng pejah, sinten ingkang purun?" Ula sawa sirah sapta, dupi myarsa sangsaya welas tan sipi, timbul patanyanira.
-

IV. OLEH PITUDUH SAKA ULA PANDHITA

MASKUMAMBANG.

1. 'Elo gendhuk ingsun teka tan mangreti, paran ujarira, ana anak pinrih mati, mara ge terangena."
2. Wangsulaning kenya sarwi brebes mili: 'Dhuh dhuh sang sudibya, marmamba pinriheng lalis, sabab kawula punika.
3. Badhe dipun dhaupken lan Matsyapati, kang pinutra-putra, dhateng kangjeng prameswari, lan sinten ingkang ginarwa.
4. Tamtu lajeng minangsa ngantos sirnating, samangke kawula, tan saged suminggah malih, kapeksa anglampahana.
4. Awit biyung amba kuwalon wus tampi, satus ewu dinar, paring jeng prameswari, ingkang minangka tumbasan."
6. Sarpa sawa manggut-manggut miarsa ngling, alon sabdani-ra: 'Bener yen mangkono nini, sireku pinrih palastra.
7. Nanging sira aja sumelang ing ati, nora bakal pejah, malah anemu basuki, dene ta sarananira.
8. Enya iki sira nini sun gawani, sarat warna sela, kehe ana telung iji, besuk kang aweh pitulungan.
9. Watu iku samengko simpenen dhingin, ywa kongsi kawruhan, marang saliyaning janmi, mundhak cabar tanpa daya.
10. Nuli bundhelana neng padoning tapih, wis nya tampanana." Kenya enggal anampani, watu telu binundhelan.
11. Aneng padontapih kenceng binathithit, rempit tan katara, sarpa sawa nabda malih: 'Heh nini sira weruha.
12. Sun jateni nanging sira ywa baribin, calon lakinira, mina gung sang Matsyapati, iku dudu sok iwaka.
13. Satemene nini iku narapati, kena ing paeka, pakartining tukang sikir, temah mengko wujud mina.
14. Besuk sira yen wus prapteng kenypuri, anuli pinarnah, aneng pinggiring botrawi, jroning kamar luwih endah.
15. Yen sira wus neng kono ywa kongsi guling, sirawasena, jumedhuling Matsyapati, lamun sira kongsi nendra.
16. Mesthi bakal minangsa mring Matsyapati, mula poma-poma, elinga wekas ngong iki, lan yen uwis ana tandha.
17. Wiwit obah banyu sajroning botrawi, alon kawistara, nanging nini nora lami, saya sru mangombak-ombak.

18. Sira kudu prayitna angati-ati, tekaning bebaya, panjedhuling Matsyapati, saka sadhasaring tirta.
19. Lamun katon menthungul sang Matsyapati, aja kalayatan, ngambila watu kang siji, enggal-enggal balangena.
20. Mring awake aja kongsi nora keni, yen wus keneng balang, Matsyapati mesthi bali, nyilem maneh ing jro toya.
21. Nora suwe ya nuli mencungul malih, ywa kasuwen sira, jupuka watu den aglis, balangna ing awakira.
22. Matsyapati mesthi banjur nyilem malih, marang jroning tirta, tan beda kaya kang uwis, nanging iya nora lama.
23. Gya mançungul maneh katon muring-muring, sira aja uwas, den teteg pikirmu nini, lawan aja kalayatan.
24. Watunira kekarene kang sawiji, iku balangena, ing awake Matsyapati, kono mesthi nuli musna.
25. Sasiraning mina gung kang gegirisi, nuli sandhingira, ana janma priya pekik, ya iku sang raja mudha.
26. Ruwat saking denya wujud iwak warih, bali sipatira, awarna manusa malih, wus pinesthi jodhonira.
27. Mula nini tan prelu sira prihatin, enggal lakonana, kalawan senenging ati, saprentahe biyungira.
28. Nadyan duwe karep nedya mamrih pati, ngloropaken sira, nanging malah dadi becik, wis ger tumuli mangkata."
29. Ula sawa gya muksa datan kaeksi, ya ta sang mlas arsa, wus nyathet sakeh weweling, sigra-sigra ulihira.
30. Sapraptaning wisma kinen atut wuri, lakuning utusan, kang ingagya wus lumiring, samana para utusan.
31. Suka tyase dene bisa antuk kardi, sineru ing lampah, neng marga datan winarni, dupi prapteng jro kadhatyan.
32. Pinethuk-ken mring sira sang prameswari, lan sumehing ulat, ngandika winor memanis: "Sira padha sun tarima.
33. Lakunira dene bisa antuk kardi, tandha lamun setya, mula sira kabeh iki, padha sun ganjar branarta."
34. Prameswari mundhut busana wastra di, sotya myang kanca-na, binage-bage waradin, marang saguning utusan.
35. Kang nampani ganjaran bungah tan sipi, sarta wus linilan, kapanggih anak lan rabi, samya mulih sowang-sowang.
36. Kari sira kenya kang dahat kaswasih, aneng jroning pura, angadhèp sang prameswari, jroning tyas anggung kasma-ran.

V. MATSYAPATI BADHAR

ASMARANDANA.

1. Samana sang prameswari, tur uninga raka nata, yen utusan, antuk gawe, lawan matur wus rumantya, rarestri yun binekta, mring botrawi ginarubyug, pinanggihken lan kang putra.
2. Ing mangke wus den paesi, sang nata jumurung karsa, saksana panganten wadon, ingarak saking jro pura, ginarbeg mring balumbang, neng kono kinen lumebu, ing kamar yeyasan anyar.
3. Kang pinajang-pajang asri, kaprenah pinggir balumbang, sawuse panganten wadon, lumebu maring jro kamar, alungguh tanpa rowang, prayitna enget pituduh, wewelinge ula sawa.
4. Tan ana kang den tingali, amung toyane balumbang, ya ta tan antara suwe, banyu katon obah-obah, pinandeng tan kumedhap, saya suwe saya seru, mangombak kadya kinocak.
5. Banyu muncrat anyiprati, ngenani lawanging kamar, kocapa panganten wadon, terataban manahira, nyipta tan wurung pejah, nulya na swara jumegur, sarwi nyemburaken toya.
6. Ya iku sang Matsyapati, kang mancungul sirahira, katon ngedab-edabake, gegirisi lir raseksa, mangap untune rangah, marani arsa manaut, nanging sang kenya trangginas.
7. Ngambil watune sawiji, sinawataken sarosa, titis pleg keneng awake, sang Matsyapati kelaran, enggal nyilem ing toya, kongsi suwe tan kadulu, sang kenya saya prayitno.
8. Ya ta tirta obah malih, mangalun alembak-lembak, guma-leger suwarane, Matsyapati asru molah, mancungul arsa nyarap, dupi parek gya ginuthuk, ing sela dening sang kenya.
9. Sanajan mung watu cilik, bebalangira sang kenya, nanging rehning wus ingisen, sakehing guna prabawa, marang sang ula sawa, marma Matsyapati kantu, saben kena ing bebalang.
10. Banyu kadi den lolos, andharodhog tanpa daya, dadya mungguh ing sileme, iku jatine kantaka, praptaning dhasar tirta, enget mring memangsani pun, niyate arsa anguntal.
11. Wusana bareng kaping tri, mancungule saking tirta, anulya

- sinawat maneh, ing watu marang sang kenya, Matsyapati gya musna, dayaning sihir wus lebur, temah pulih warna-nira.
12. Bali dadya janma malih, masih nom bagus utama, lan ing nguni sajatine, Matsyapati iku raja, keneng pitenahira, tukang sulap kang ambek dur, kadi kang kocap ing ngarsa.
 13. Sarta mengko sang apekik, ujug-ujug wus neng kamar, sarwi jajari linggihe, sang kenya kadi supena, dahat pangu-ngunira, mulat ana priya bagus, tanpa sangkan praptanira.
 14. Wusana sang anyar keksi, alon pangandikanira: 'Dhuh wong ayu aja kaget, lan aja maras tyasira, jatine iya ingwang, kang arupa mina agung, keneng dhendhaning jawata.
 15. Samengko kang dadi margi, ruwate cintrakaningwang, saka sira jalarane, ingsun banget kapotangan, apa kang sun walesna, nora ana ingkang patut, amung pati uripingwang.
 16. Kasraha mring sira mangkin, marma lamun sira rena, dadia timbanganing ngong, ing donya prapteng delahan." Sang kenya aturira: "Kawula sumanggang kayun, dherek sakarsa paduka."
 17. Cinendhak dupi wus enjing, jeng prameswari utusan, mring botrawi nyatakake, paran kadadeanira, ya ta para utusan, kabeh samya ngungun jetung, eram mulat kaelokan.
 18. Sirnane sang Matsyapati, kono ana raja mudha, bagus mancorong cahyane, jajar lenggah lan sang kenya, aneng sajroning kamar, utusan cengkelak wangsul, matur maring gustinira.
 19. Ngaturken yen ing botrawi, sasirnanira kang putra, sang Matsyapati ing mangke, jroning kamare sang kenya, ana janma taruna, suwarnane luwih bagus, cahyane mindha sasangka.
 20. Saksana sang prameswari, sakaliyan raka nata, ginarubyug tedhak age, mring botrawi yun uninga, sarawuhireng kamar, mirsa kalamun satuhu, kono ana raja mudha.
 21. Jajar lan panganten estri, anuli ingirid medal, prameswari lan sang katong, dahat sukaning wardaya, alon andikanira: "Heh sira jarwaa kulup, paran ta darunanira.
 22. Sira teka salah warni". Tur sembah kang sinung sabda: 'Dhuh pukulun sajatose, amba punika narendra, dereng amawi krama, maksih lamban yun minantu, dhateng ratu liyan praja.

23. Rehning amba tan nuruti, satemah kinaniaya, ngupados sraya sang katong, tukang sihir dhinawuhan, niksa dhateng kawula, kelampahan amba wujud, mina lit wit kenging sulap.
 24. Wusana dumugi ngriki, kawula pinundhut putra, dhateng jeng ibu karsane, sinung prenatal ing balumbang, samangke saged ruwat, wangsul kados duk ing dangu, jalaran kenya punika”.
 25. Sang nata lan prameswari, samya sukur ing jawata, sang prameswari nabda lon: ”Iki peparinging dewa, tan ana beda-nira, ngabulken panuwuningsun, samengko sun kaleksanan.
 26. Darbe putra kakung pekik.” Ya ta samana sang nata, dhawuh miwaha panganten, marga kang saking balumbang, anjog maring pura, ginelaran ing baludru, tinutup sutra diwangga.
 27. Dadya nora ngambah siti, panganten prapteng jro pura, pahargyan pamiwahane, kinetog tanpa kuciwa, tontonan warna-warna, punggawa gung alit kumpul, samya urmat mring pangantyan.
 28. Ucape wong sanagari, memuji harjaning praja, panganten kinirabake, tepung angubengi kutha, rame samarga-marga, seseg wong samya dedulu, tan pegat areruncungan.
-

VI PANGGAWANE ATI SREI

PUCUNG.

1. Tan linantur cinekak bae kang tutur, sarampunging karya, sira sang panganten kalih, wus pinarnah aneng dalem kadipatyan.
2. Atut runtut sih-sinihan lumastantun, tanpa sambekala, panganten suka basuki, pra kawula kabeh ngrumasani begja.
3. Dene antuk raja mudha warna bagus, garwane yu endah, dadya sesekaring puri, ayem tentrem wuwuh kekuwunging praja.
4. Ganti catur kocapa estri ambek dur, kang kari ing desa, ya iku bojoning pakir, biyung kwalonira garwa raja mudha.
5. Dupi ngrungu yen anake kwalon mau, tan tumekeng lina, malah dadya Matsyarini, neng kadhaton tansah amukti wibawa.
6. Kusung-kusung mring nagara nedya nungsung, atetinjo anak, jujuk kadipaten panggih, lawan sira Matsyarini kinurmatan.
7. Sang retnayu pangrengkuhe marang biyung, sirna tabetira, denya kinarya sak-serik, pinrih lena siyane nora rinasa.
8. Kang kaetung amung becike si biyung, agung kinurmatan, sinuba-suba menuhi, parandene si biyung kadi ginugah.
9. Jroning kalbu sangsaya gosong katunu, myat kuwalonira, tan sirna maksih basuki, malah mengko suka wirya kang pinanggya.
10. Marmanipun gelare tansah sinamun, katon luwih tresna, rumaket tan ngetarani, nanging tansah angangkah sirmaning mengsah.
11. Wusing dangu biyung pamitan ing sunu, mulih maring wisma, sinangonan warni-warni, lampahira neng marga tan winursita.
12. Praptanipun ing wisma kaya wong getun, susah sangga uwang, anake wadon pribadi, gya ingundang sarwi alon binisikan.
13. "O anak-ku kojur temen pepesthenmu, teka dudu sira, kang ginarwa pangran pati, bakyunira mengko nemu suka wirya.
14. Keh wong ayu dadak milih mbakayumu, nora suka rila, yen bakyumu tan ngemasi, marma sira nuruta pratikeling

wang.

15. Lamun besuk ana dalan kang pikantuk, masa tan klakona, mesthi sira anggenteni, muktisari dadya garwa raja mudha.
16. Mengko gendhuk becik padha mangan gethuk, ora prelu susah, disambi karo nggenteni, yen dheweke tilik mrene dipaeka.
17. Bakayumu wis rasanan karo aku, mengko seje dina, arep teka mrene tilik, ya ing kono bakal pegate kang nyawa."

VII MASTYARINI DIPAEKA

MEGATRUH.

1. Sigeg genti baleni carita ngayun, sira pangran adipati, lan garwa samana nuju, lenggah ingadhep pra cethi, Matsyarini matur alon.
2. 'Dhuh pangeran mugè sampun dados bendu, rehning amba sampun lami, tan kepanggih bapa ulun, oneng kawula kepati, amba kepingin tetinjo.
3. Mila mugè wontena idi pukulun, keparenga kula tuwi, mesakaken tiyang sepuh, saiba bingahing ati, lan anak saged tetemon."
4. Matsyarini tan wruh yen sudarmanipun, prapteng mangke durung mulih, tan karuan paranipun, embuh mati embuh urip, kinira wus bali mring gon.
5. Marma adreng nyuwun lilahireng kakung, raja mudha ngandika ris: 'Iya yayi sun jumurung, nanging aja lami-lami, besuk yen uwis kelakon.
6. Bisa temu yayi lawan sudarmamu, sartane padha basuki, enggal balia riningsun, awit rasane tyas mami, sakabehe kang katongton.
7. Myang sagunging kasenangan donya suwung, nora ana kang madhani, kaya lamun ingsun kumpul, lan sira aneng jro puri, poma-poma wekasing ngong."
8. Matsyarini wus ingiden maring kakung, nulya budhalan den iring, para punggawa gung-agung, miwah kang parekan cethi, anitih jempana kaot.
9. Lampahira neng marga datan winuwus, samana dupi wus prapti, wismaning sudarmanipun, nanging meksa durung mulih, denira nglangut lungandon.
10. Kang neng wisma mung biyung kuwalonipun, lawan sutane pribadi. Wong loro gupuh amethuk, bagek-ken kang lagi prapti, abungah padha tetemon.
11. Sanalika ing kono swarane umyung, kaya wong adarbe kardi, dadak karya tarub agung, sesuguhe wus miranti, gawan saking praja mrabot.
12. Tan kuciwa sagelar sapapan cukup, kocapa sang Matsyarini, kadadak duhkiteng kalbu, dene tan bisa kapanggih, lan sudarma kang katongton.

13. Denya angles prapteng mangkya durung wangsul, tan ana wong kang udani, marang ngendi paranipun, pawartane sepi-sepi embuh urip embuh layon.
14. Biyung kwalon bungahe angundhung-undhung, nyipta katekan ing kapti, marma rekane manglipur, nanduk-ken daya lelamis, lemes wedharing wiraos.
15. "Priye maneh puluh-puluh wis begiamu, witne gendhuk aku iki, rina wengi lan adhimu, nora pot tansah prihatin, ya mung mikir kang lungandon.
16. Kadhangkala takrewangi nusup-nusup, angger aku krungu warti, panggonane sudarmamu, mesthi banjur dakparani, nanging ya mung bathi lempoh.
17. Mula gendhuk becike padha pinupus, lawan mung padha pinuji, slameta kang lunga anglangut, slameta kang maksih kari, wis ta lelangena kono".
18. Matsyarini anggung ngupaya panglipur, kongsi sawatara ari, ing batine ngayun-ayun, bokmanawa nuli prapti, kang lungan teka dumrojog.
19. Kacarita samana ing wanci dalu, Matsyarini mapan guling, nunggal sabantal lan biyung, miwah sadulure estri, lir keneng sesirep mandos.
20. Eca nendra tan ana winalang kayun, biyunge pi-api guling, pangoroke senggar-senggur, dupi wus sireping janmi, biyung tangi alon-alon.
21. Gya ambopong mring kang lagya enak turu, ingarah ingirih-irih, sakala ginawa metu, tan ana janma udani, Matsyarini nora kraos.
22. Yen cinidra mring biyung kang candhala dur, ya ta wus antara tebih, praptaning gon kang asamun, iya kang sine-dyeng kapti, marang si biyung kuwalon.
23. Kono ana luwange jero asingub, tan taha sang Matsyarini, den uncalaken ing ngriku, marang jroning luweng wingit, cemplung gentewang tan katon.
24. Biyung kwalon rumasa lega tyasipun, sarta enggal-enggal bali, prapteng wisma nuli lungguh, karenggosan mengkis-mengkis, samana dupi wus aso.
25. Sutanira pribadi kang maksih turu, ginugah anuli tangi, jinarwan yen bakyunipun, cinemplungken luweng wingit, wus sirna tan na wong weroh.

26. Lan kinethik anake supaya manut, mangkana denira angling:
'Gendhuk sarehning bakyumu, wis sirna tan na udani,
mula saka kareping ngong.
 27. Sira sesuk ngong awadken bakayumu, panganggone kabeh
iki, rasuken aja na kantun, masa ana kang niteni, sanajan
sang raja anom.
 28. Mesthi nora ngira yen sira anak-ku, sesuk esuk para abdi,
myang para punggawa iku, tanapi kang para cethi, padha
ngong koně mirantos.
 29. Lan ngong kandhanane yen sirarsa kondur." Anake wadon
wus ngreti, ing karepe biyungipun, denira mrih karya sandi ,
mung nurut kang dadi anom.
-

VIII MATSYAPATI NGRETI YEN DIPAEKA

SINOM

1. Ya ta esuke samapta, raja kaputren sarwadi, agemira kang wus sirna, sira Risang Matsyarini, rinasuk tan na kari, mring arine kwalon mau, yen tinon sagebyaran, ana empere sathithik, lan bakyune kang wus sirna tanpa tilas.
2. Sagunge para punggawa, myang para parekan cethi, samya kinen asiyaga, andherek kondure gusti, tan ana nggraitani, yen gustine kang satuhu, sirneng dalu cinidra, mring biyunge jroning guling, gya budhalan rame busekan ing lampah.
3. Sang mindha nitih jempana, lan biyunge jajar linggih, ingiring sakeh punggawa, ginarebeg para cethi, datan kawarneng margi, praptaning praja anjujug, mring dalem kadipatyan, raja mudha miyos jawi, methuk garwa kang dahat ingarsa-arsa.
4. Tumurun saking jempana, sang mindha garwa kinanthi, ing raka lumebeng pura, nanging kanggeg tyas sang pekik, tan rahab lir kang uwis, mring garwa asih kalangkung, mangkya mung kempa ewa, onenge kabeh sirnanging, nanging meksa sinamun sumehing netya.
5. Wusing samya tata lenggah, biyung kwalon matur aris, mring sira sang raja mudha, mamet prana mirapeti: "Sowan kawula gusti, wonten ing ngarsa pukulun, ngaturken ri paduka, ingkang mentas atetuwi, ing sudarma kalayan idi paduka.
6. Rehning sampun kalampahan, pinanggih sami basuki, kalamun rayi paduka, kedangon pisah lan gusti, saestu kirang utami, tuwin malih jeng pukulun, tamtu gung ngarsa-arsa, mila enggal-enggal gusti, ri paduka kawula peksa kondura.
7. Ing mangke sumanggeng karsa." Raja mudha tan mangsuli, mung manthuk nora kaduga, dening tatkala mirsani, maring kang mindha warni, ana karaos ing kalbu: "Tiki lelakon apa? Teka anganeh-anehi, baya garwaningsun bisa malih warna."
8. Sawuse masrahken anak, biyung kwalon nyuwun pamit, ingiden mring raja mudha, kocap kang tinilar puri, kang mindha prameswari, dheg-dhegan pikire kuwur, biyung tan wruh dadinya, saundure wadon julig, raja mudha ngunandika jroning nala.

9. "Yen dudua garwaningwang, lah gek sapa bocah iki? Nanging lamun garwaningwang, dene watekane salin, mengko dhemen prihatin, ulate mung katon suntrut, tan bingar kadi saban, tandang tanduke desani, yen mengkono genah iki salibukan.
10. Lamun garwaningwang tenan, sasolahe ngrespateni, tarampil tanggap ing cipta, sumeh saujare manis, gawe padhanging ati, bocah iki teka wagu, jegidheg tan kumecap, komprane angentarani, e lah beka kelebon sandi upaya."
11. Antara wus telung dina, nora saranta ing galih, raja mudha asru duka, sakala sang mindha warni, anulya kinen salin, ganti busana lyanipun, dene busananira, raja kaputren kang adi, gya pinundhut wit arsa tinitu priksa.
12. Wusing katur kang busana, raja kaputren tan cicir, raja mudha nora samar, iku busananing rayi, sira sang Matsyarini, rinasuk mring kenya dhusun, sang kenya tinimbalan, ingirid pawongan cethi, prapteng ngarsa raja mudha tebah jaba.
13. Tetela yen kenya ika, dudu garwane sayekti, saksana tinundhung medal, dhinawuhan bali mulih, sarta den andikani: "He sira kenya ing dhusun, age sira lungaa, aja weh petenging ati, lan sarehne sajatine sun uninga.
14. Yen sira amung sadarma, nglakoni prentahing wibi, mula nora sun pidana, lan ora sun ukum pati, ywa kesuwen den aglis, lungaa saking ngarsengsun." Kang dhinawuhan mentar, undure ambrebes mili, gegancangan lakune wus tan katingal.
15. Ya ta risang raja mudha, mring garwa oneng kapati, lir ginugah dukanira, marmane nulya amiji, punggawa miwah abdi, mangkana andikanipun: "Sira padha sun duta, mangkata sadina iki, lah cekelen si wong wadon kang musibat.
16. Yen dheweke tan balaka, nora gelem asung warti, aneng ngendi dunungira, garwaningsun kang sajati, ywa takon dosa mesthi, bakal sun patrapi ukum, supaya den gantunga, kongsi tumekeng pati, wis mangkata poma sira estokena."
17. Pra utusan samya budhal, lepas lampihe neng margi, kocapa kang aneng desa, biyung kuwalon miyarsi, lamun sutane estri, kang kinarya gantipun, garwaning raja mudha, wus tinundhung saking puri, kadenangan denira laku dursila.
18. Saking mirise tyasira, rumasa bakal bilahi, nora wurung raja mudha, dhawuhken ukuman pati, temah angles ing wengi, tan ana janma kang weruh, anuli sesingidan, wus antuk gon kang pakolih, yen rahina nora mijil maring jaba.

IX MATSYARINI DIPUPU ULA SAWA

MIJIL

1. Amangsuli carita ing ngarsi, duk biyung kuwalon, lingsir wengi anyidra anake, cinemplungken ing luweng kang wingit, asingub kaeksi, jro tan keneng ngukur.
2. Nora ana wani anjajagi, nyedhaki bae moh, sabab luweng iku kadhatone, ula sawa kang pindha maharsi, sih sameng dumadi, yekang weh pitulung.
3. Maring Matsyarini duk neng kali, tatkala prihatos, sarpa iku loro kadhatone, kang sawiji neng sajroning warih, sijine ing bumi, sinung marga terus.
4. Saking kraton sajeroning warih, anjog mring kadhaton, jroning bumi sarta luweng kuwe, sajatine kang minangka kori, gapuraning puri, ya ta sang sarpa gung.
5. Wus uninga cidrane si juti, mring anak kuwalon, Matsyarini, duk cinemplungake, ing jro luweng nuli den tampani, tinadhahan gigir, gya ginawa malbu.
6. Sinalahken aneng kasur sari, sarwi alon-alon, Matsyarini mak-sih enak sare, engingira kagete tan sipi, rasane lir ngimpi, kodheng lenguk-lenguk.
7. Ula sawa lan saanak rabi, nuli padha ngaton, anyedhaki alon ing sabdane: "Lah bagea praptanira nini, aneng pura mami paran padha ayu."
8. Matsyarini dangu tan mangsuli, kagagas ing batos: "Aku iki ana ngendi mangke? Baya kalap ingarat dhedhemit." Ya ta angling malih, ula sawa tutur.
9. "Nini sira iku apa pangling, mring sariraning ngong? Ingsun kang tetulung sira biyen, kang maringi watu telung siki." Ya ta Matsyarini, anjrit nembah matur.
10. "O pukulun mugi den aksami, dene amba tamboh. Sanget supe kawula yektose, sampuna paduka andikani, yen ingkang maringi, sarat sela telu.
11. Dhateng amba pukulun neng riki, estu tan mangretos." Sarpa sawa gumuyu jlentrehke: "Iya nini sira lagi guling,

- bareng lingsir wengi, sira gya jinunjung.
12. Marang biyung kwalonira nini, sira pinrih layon, cinemplungken maring luweng kene, rahayune ingsun ameruhi, sira sun tadhahi, sun salah ing kasur.
 13. Supayane sira haywa nglilir." Matsyarini mlenggong, carocosan wetuning eluhe, awekasan nembah matur aris: 'Dhuh kang ambek asih, sampuna pukulun.
 14. Welas dhateng amba pun mlas asih, tamtu sampun layon, mila pejah gesang ulun mangke, amba srahken paduka sang resi, mung darmi nglampahi, pitedah pukulun."
 15. Sarpā dinya awacana manis: "Heh nini karsengong, sira becik anaa ing kene, lan dadia sutaningsun estri, den kapenak nini, neng kadhatoningsun.
 16. Iki ibunira garwa mami, lan atmajañingong, wiwit mengkon sadulurake, lawan sira marma ywa kuwatir, den jenak neng riki, tentremna pikirmu."
 17. Tan winarna sira Matsyarini, lamine neng kono, denya anggarbini prapteng leke, mijil priya cahyane nelahi, Matsyalal kang nami, mungguh artinipun.
 18. Anak iwak lir musthika manik, baguse gumolong, jatmikan-teng dahat ngresepake, bebudene alus merak ati, sih sameng dumadi, abingar ing semu.
 19. Kacarita samana sang pekik, wus wayah tumloncong, kang prasadat dadya pamomonge, para sutaning sarpa maharsi, sinudar yekti, sihira kalangkung.
 20. Saben dolan nora kena tebih, runtang-runtung amor, dupi ngancik tri warsa umure, sang Matsyalal lan kancane sami, tan gothang ben ari, dolan-dolan metu.
 21. Dumadakan ana wong sawiji, kang liwat ing kono, janma iku dagang gelang akeh, nanging gelang iku kang kinardi, saking gedhah tipis, gumebyar dinulu.
 22. Sang Matsyalal mothah maring wibi, minta gelang abyor, kang ginawa mring wong dagang kuwe. Matsyarini enggal mituruti, pamintaning siwi, gelang gya tinuku.
 23. Ingetrapken neng tangan lan sikil, swarane kumroncong, sang Matsyalal banget ing bungahe, jejogedan playon wirawiri, esuke anangis, gelange wus sumyur.

24. Nora ana kang wutuh sawiji, kabeh padha pedhot, remek pecah tan kena den angge, marma dupi tukang gelang prapti, den tukok-ken malih, marang ingkang ibu.
 25. Temah tukang gelang saben enjing, mesthi prapteng kono, awit gelang kang den anggokake, mring Matsyalal wus tan kalap malih, wantuning raryalit, tan weruh ing dunung.
 26. Malah saya dhemen amecahi, najan sinung tandhon, gelang kaca pira-pira kehe, nganti tukang gelang dadi sugih, awit Matsyarini, mung tansah ingugung.
 27. Maring sira sang sarpa maharsi, jro kadhaton kono, tan nge-mungken rajabrana bae, nadyan dhuwit ya den sadhiyani, pirang-pirang kampil, tumpuk ngundhung-undhung.
 28. Dadya nora kacuwan sakalir, sakarepe klakon, amung ana siji wewalere, ula sawa marang Matsyarini, ywa kongsi goleki, mring raka kang bagus.
 29. Sabab lamun metu saking puri, tan wurung prihatos, dening bakal bingung ing lakune, tan katekan kang sinedyeng kapti, sangsarane mesthi, marma gung sinerung.
 30. Kaping pira gone nyuwun pamit, sira sang lir sinom, Matsyarini marang sudarmane, sang sudibya sarpa tan marengi, mrih sabar karihin, ngentenana wektu.
 31. Sarpa dibya alon mituturi, "Heh nini naking ngong, sun i-dini pamitira kuwe, lamun sira wus panggih pribadi, la-wan Matsyapati, besuk bakal gambuh.
-

X. OLEH TITIK

GAMBUH

1. Gugua tuturingsun, yekti sira anemu rahayu, sira nini tan suwe maneh kepanggih, lan lakinira sang bagus, kang uga dahat wirangrong.
2. Tan beda gung wulangun, kadi sira onenge kalangkung, mengko lagya angupaya sira nini, mulane aja kesusu." Matsyaringini tyase bombong.
3. Kocapa sang nahen kung, raja mudha gung mangayun-ayun, praptaning pra utusan kang kinen nglari, pawartaning garwanipun, kabeh nora antuk wartos.
4. Satemah sang binagus, nyarirani pribadi angluru, nglugas raga tan etang sayah lan arip, wus suwe denya meh lumaku, anginep saenggon-enggon.
5. Prandene durung antuk, sisik melik gone garwanipun, kaya apa susah lan judheging ati, sang Masyapati meh linglung, lali yen titah Hyang Manon.
6. Ketang mung garwanipun, ing samarga-marga lir wong kumprung, nangis glolo karo sambate drewili: "O mati tenan bojoku, den kaniaya ing uwong."
7. Nadyan prapta mring dhusun, goning garwa meksa tanpa tutur, saben janma tinakonan amangsuli: "Embuh ya aku tan weruh, kowe iku rak wong glanyong.
8. Takon kang dudu-dudu, ngendi ana prameswari ratu, manggon aneng desa sarwa sepa-sepi, yen ora wong rada gemblung, mesthine ora mengkono."
9. Putek tyas lir wong pengung, Matsyapati nutugake laku, saparane kalunta-lunta wus tebih, wusana nuli kapethuk lan tukang gelang gya takon:
10. "Ki sanak sira iku, saka ngendi ngong kepengin weruh, lamun dhangsan jarwanana ingong iki." Kang tinanya nuli tutur: "Ki sanak yen sira takon.
11. Ngong mentas andon laku, adol gelang mring dhusun ngadhusun, kongsi ngambah sacedhake luweng wingit, ing kono

ingong katemu, lawan putri ayu anom.

12. Ya iku kang anuku, gelang kaca dedaganganaku, den anggok-ken mring anake lanang cilik. kira umur telung taun, cahyane mancur mancorong.
13. Sajekku durung weruh, bocah kaya ngana bagusipun saben dina dolanan angaring-arang, lan bocah akeh liyanipun, seneng-seneng padha playon.
14. Wis mesthi gelangipun, kang den anggo nuli padha remuk, pecah kabeh jaluk ijol karo nangis, ibune banget angugung, tinurut nuli ginantos.
15. Kang anyar lan kang wutuh, mula saben dina mesthi tuku, daganganku gelang pira-pira laris." Sang namur nyelani rembug: "Lah ki sanak apa weroh.
16. Jenenge bocah mau, bokmanawa sira krungu-krungu". Tukang gelang mangkana denya nauri: "O iya ingong krungu, yen ibune nuju bengok.
17. Ngelik-ke gone padu, lan kancane dolan yen tan kliru, Matsyaputra Matsyalal abola-bali, dadi terang bocah iku, duwe jeneng rupa loro.
18. Kang siji Matsyasunu, lan Matsyalal iku sijinipun." Matsyapati ngunandika jroning galih: "Ah memper yen garwaningsun, den singidaken neng kono".
19. Ngandika sang anamur, maring tukang gelang tembungipun: "Heh ki sanak bareng aku koktuturi, peparabe bocah mau, ana karasa jro batos.
20. Ngong banget kumacelu, arsa weruh marang warnanipun, bocah cilik lan ibune kang nukoni, gelang kaca daganganmu, mulane yen sira condhong.
21. Ngong iki jaluk tulung, tuduhena marang enggonipun, yen wus klakon gedhe ganjaranmu benjing, ngong turut sapanjalukmu." Tukang gelang muwus alon.
22. "Kaya tanpa pakewuh,, ngong tuduhken sira sesuk esuk, wit samengko kepalang wus wayah wengi, tur peteng tan wruh lor kidul, lan upama tekeng kono.
23. Iya mung bakal nglenhung, tanpa gawe tiwas kesel mlaku, nanging sesuk esuk ingong mesthi bali, mring gone wong wadon mau, dadi barengan wong loro.

24. Samengko rehning dalu, becik sira ngasoa rumuhun, aneng kene supaya wakira pulih, nora banget-banget lesu, wis ta mapana ing kono”.
 25. Ya ta sang namur laku, tan sawala lerem aneng ngriku, kalisikan sawengi tan bisa guling, misih esuk umun-umun, tukang gelang wus ginodhog.
 26. Mangkana denya muwus: ”Ayo iki sarehne wis esuk, padha mangkat menyang enggoning pawestri”; Tukang gelang rada sendhu, wangsulane karo angob.
 27. ”O priye sira iku, lah wong isih peteng nunak-nunuk, teka uwis ngobyag-obyang gonku guling, bok iya aja kesusu, kathik lir binuru ing mong.
 28. Lan maneh rak ya kudu, nganggo nyarap dhisik yen wis rampung, lagi pangkat sedheng kepenak lumaris”. Sang namur kapaksa nurut, kudhandhangan jroning batos.
-

XI MATSYARINI SAANAKE DIBOYONGI

Dhandhanggula

1. Kacarita dupi wus byar enjing, janma karo samya tata-tata, wusing rampung pangkat age, bebarengan lumaku, mring prenahe luweng kang wingit, sapraptane ing kana, kang katon rumuhun, raryalit kalangkung pelag, lawan para suta-ning sarpa maharsi, rame samya dolanan.
2. Rare alit kang bagus ing warni, weruh lamun tukang gelang teka, ngrincang-ngrincingke gelange, nuli ambengok asru: "Sibu aku tukokna kuwi, gelis bu selak lunga." Samana kaprungu, ana swara getas renyah, saking jero luweng undang-undang siwi: "Anak-ku ger renea."
3. Matsyaputra renea cah sigit, sibu arep weruh gelangira, apa ya wis pecah kabeh". Sang namur nyaket lungguh, neng tepining luweng sarya ngling: "Heh putri kang ngandika, yen dhangsan ing kalbu, mara ngatona sadhela, kang supaya ingong bisa ameruhi, mungguh suwarnanira."
4. Matsyarini karasa jro ngati, nora pangling mring kang darbe swara, ngira yen iku kakunge, saksana nuli metu, dupi miyat raka sang pekik, pangkone rinungkeban, krantara-ranta muwun: "O gusti pepundhen kula, boten nyana paduka rawuh mariki, kepanggih cethinira."
5. Matsyarini nulya awewarti, lelakone kabeh mring kang raka, kongsi denya babarake, kandhutan mijil jalu, warna pekik den peparabi, Rahaden Matsyaputra, prapteng mangke ngumur, wus ngancik telung warsa, binerkahan maring sang sarpa maharsi, salami gung rineksa.
6. Matsyapati angandika aris: "Wis ta yayi payo bebarengan, kondur marang praja age". Matsyarini umafur: "Rehning amba sampun wineling, dhateng kyai sarpa, tan kalilan ulun, lamun lumampah priyangga, sumelang bok ngantos bingung tan wruh margi, tan wande manggih susah."
7. Kyai sarpa sanget manti-manti, boten pareng nadyan mawi rencang, yen boten paduka dhewe, ingkang rawuh amethuk, mila mangke amba tur uning, yen paduka wus prapta, amboyongi ulun." Matsyarini tandya mentar, sowan maring

ngarsane sarpa maharsi, umatur sarwi nembah .

8. "Dhuh pukulun amba tur udani, putra paduka sang raja mudha, ing mangke wus methuk dhewe, miwah dreng ngajak wangsul, mila amba anyuwun idi, mugi den lilanana, kawula tut pungkur, dhumateng putra paduka, raja mudha badhe kondur mring nagari, tan lyan mung nyuwun barkah.
9. Myang pangestu paduka sang resi." Sarpa dibya gung mangayu bagya: "Ya nini sun jurungake, slameta salakumu." Garwa miwah putra sang resi, samya oneng-onengan, arangkul-rinangkul, kadadak sungkawanira, ketang tresnanira lir anak pribadi, dene kang para putra.
10. Gulang-gulung tan pisah saari, mengko teka kapeksa anilar, dadya kajog ing pikire, tangisan pating slenggruk, sarpa resi kang nglipur kingkin, enggar wus samya suka, temahan jumurung, Matsyarini sinangonan, rajabrana busana kang adi luwih, dening sang sarpa dibya.
11. Nulya budhal lan raka sang pekik, Matsyaputra kinanthi ing rama, alon-alon satitahe, dhapur katuju ngeni, dene para punggaweng nagri, kang samya angupaya, maring gustinipun, kapapag neng tengah marga, lan sadhiya titihan kuda lan joli, satemah samya suka.
12. Matsyarini gya anitih joli, miwah ingkang putra dadya juga, dherek neng joli ibune, kuda cawisanipun, tinitihan mring Matsyapati, kadi ngarak pangantyan, swaraning wadya gung, arame saurut marga, suka-suka wadyabala lir punagi, panggih lan gustinira.
13. Tan winarna sajroning lumaris, sapraptaning praja nemu harja, tan ana walang sangkere, nulya manjing kadhatun, sakaliyan putra tan kari, lestari suka wirya, ya ta kang winuwus, tukang gelang wus ginanjar, maring raja mudha lir janjine nguni, miwah kinula warga.
14. Myang pinacak punggaweng nagari, angembani putra sang Matsyalal, mukti wibawa uripe, tur sinung wisma agung, amepeki rengganing panti, praja sangsaya karta, gemah ripah tulus, murah sandhang murah pangan, tata tentrem prakawula gedhe cilik, tan ana kasangsaya.



 PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA



Perpustakaan
Jenderal